

Fich Enfòmasyon # 23: Egzijans pou Pèman Lè Siplemanntè FLSA a

Fich enfòmasyon sa bay jeneral enfòmasyon konsènan aplikasyon dispozisyon sou [lè siplemanntè FLSA](#) a.

Karakteristik yo

Yon mèt travay ki egzije oswa pèmèt yon travayè travay lè sipemantè oblije peye jeneralman anplwaye a salè anplis pou travay lè sipemantè sa.

Egzijans yo

Sof pou egzonerasyon ki presize yo, travayè ki kouvri pa Lwa a dwe resevwa pèman lè sipemantè pou lè yo travay ki depase 40 nan yon semèn travay nan yon tarif ki pa pi piti ke yon fwa edmi tarif pèman regilye yo a. Pa gen limit nan Lwa a sou kantite lè travayè ki gen 16 zan epi ki pi gran ka travay nan nenpòt semèn travay. Lwa a pa egzije pèman [lè siplemanntè](#) pou travay samdi, dimanch, jou ferye, oswa jou repo nòmal yo.

Lwa a aplike sou yon baz ebdomadè. Yon semèn travay yon travayè se yon peryòd repete fiks epi regilye ki gen 168 è -- sèt peryòd 24 è konsekitif. Li pa bezwen kowenside ak semèn kalandriye a, men li ka kòmanse nan nenpòt jou ak nan nenpòtè nan jounen an. Diferan semèn travay ka etabli pou diferan travayè oswa gwoup anplwaye. Lè mwayen ki depase de semèn oswa plis pa otorize. Nòmalman, pèman lè sipemantè travay nan yon semèn dwe touche nan menm semèn ke travayè yo te travay lè sa yo.

Tarif salè regilye a pa ka pi piti ke [salè minimòm](#) nan. Tarif regilye a a genyen ladan l tout reminerasyon pou travay la sof kèk pèman ki ekskli pa Lwa a li menm. Pèman ki pa fè pati tarif regilye a se pèman pou depans ki fèt pou anplwaye a, pèman prim pou travay lè sipemantè oswa vrè pèman prim yo peye pou travay le samdi, dimanch ak jou ferye, bonis legal, kado ak pèman kado an nati nan okazyon espesyal ak pèman pou peryòd okazyonèl lè pa gen travay ki fèt akòz vakans, jou konje oswa maladi.

Revni yo ka detèmine sou yon tarif pa pyès, salè, komisyon, oubyen kèk lòt baz, men nan tout ka sa yo balans lè sipemantè a dwe kalkile sou baz tarif mwayen pa è ki soti nan revni sa yo. Sa kalkile lè ou divize pèman total pou travay (sof pou eksklizyon legal ki note anwo yo) nan nenpòt semèn travay pa kantite lè total ki travay efektivman.

Lè yon travayè nan yon sèl semèn, travay nan de oswa plis kalite travay diferan ke yo te tabli tarif lè nòmal pou yo, tarif regilye pou semèn sa se mwayèn pondere tarif sa yo. Sa se, revni ki soti nan tout tarif sa yo ajoute ansanm epi total sa divize apre pa kantite total lè travay nan tout djòb yo. Anplis, atik 7(g)(2) nan FLSA a pèmèt, sou kondisyon espesifik, kalkil pèman lè sipemantè a baze sou yon fwa edmi tarif pa è a ki anvigè lè travay lè sipemantè a te fèt. Egzijans pou kalkile pèman lè sipemantè a konfòmeman ak atik 7(g)(2) a preskri nan [29 CFR 778.415](#) jiska [778.421](#).

Kote yo fè pèman ki pa kach pou travayè sou fòm machandiz oubyen enstalasyon, depans rezonab mèt travay la oubyen valè akseptab machandiz oswa enstalasyon, sa yo dwe enkli nan tarif regilye a.

Pwoblèm Tipik yo

Sòm Fiks pou Montan Lè Siplemanntè ki Varye Yon montan fofetè pou travay ki fèt pandan lè siplemanntè san konsiderasyon sou kantite lè siplemanntè ki travay la, pa kalifye kòm yon prim lè siplemanntè menm si kantite lajan ki peye a egal oswa pi gwo ke sòm yo dwe sou baz pa è a. Pa egzanp, okenn pati nan yon montan fofetè \$180 pou anplwaye ki travay lè siplemanntè le dimanch pap kalifye kòm yon prim pou lè siplemanntè, menm si tarif lè nòm al anplwaye se \$12.00 pa è epi anplwaye a toujou travay mwens ke 10 è le dimanch. Menm jan an, kote yon akò prevwa 6 è ki peye \$13.00 pa è san konsiderasyon sou tan ki pase reyèlman pou travay nan yon djòb ki fèt pandan lè siplemanntè yo, tout \$78.00 dwe enkli lè y ap detèmine tarif regilye anplwaye a.

Salè pou Semèn Travay ki Depase 40 Èdtan: Yon saltè fiks pou yon semèn travay regilye ki pi long pase 40 è, pa retire obligasyon legal FLSA yo. Pa egzanp, yon anplwaye ka anboche pou travay 45 è pa semèn travay pou yon salè \$405 pa semèn. Nan ka sa, ou jwenn tarif regilye a lè ou divize \$405 salè nòm al la pa 45 è yo, ki bay yon tarif regilye \$9.00. Yo dwe anplwaye a lòt kalkil lè siplemanntè a lè yo miltipliye 5 è siplemanntè yo pa mwatye tarif pèman regilye a ($4.5 \times 5 = \$22.50$).

Yo Pa Ka Evite Pèman Lè Siplemanntè a: Egzijans lè siplemanntè a pa ka evite pa akò ant mèt travay la ak travayè a. Yon akò ke se sèlman 8 èdtan yon jounen oswa sèlman 40 èdtan pa semèn ap konte kòm tan travay epi pap reyisi tès konfòmite FLSA a. Yon anonsman pa anplwaye a ke li pèmèt lè siplemanntè oswa ke li pap peye lè siplemanntè sof si li te otorize alavans, pap deranje tou dwa travayè a pou pèman pou lè siplemanntè ki dwe touché kòm lè travay ke li travay.

Kote pou Jwenn Lòt Enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt Divizyon Salè ak Lè a (Wage and Hour Division): <http://www.wagehour.dol.gov> epi/oswa rele liy enfòmasyon ak asistans gratis nou an, ki disponib de 8 è a.m. jiska 5 è p.m. nan fizo orè ou a, 1-866-4USWAGE (1-866-487-9243).

Piblikasyon sa se pou enfòmasyon jeneral e yo pa dwe konsidere l nan menm fason ak deklarasyon pozisyon ofisyèl ki genyen nan règleman sa yo.

Department of Labor
Frances Perkins Building
200 Constitution Avenue, NW
Washington, DC 20210

1-866-4-USWAGE
TTY: 1-866-487-9243
[Contact Us](#)